

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan manusa aya prosés komunikasi, boh ngaliwatan lisan atawa tulisan. Prosés komunikasi lisan téh diajarkeun ti leuleutik ku kulawarga sacara otodidak. Béda deui jeung nulis, sanajan aya kulawarga anu ngajarkeun nulis ka budakna, tapi ngajarkeunna ngan saukur dasarna hungkul. Prosés diajar nulis leuwih jero diajarkeun di sakola.

Komunikasi ngagunakeun basa salaku médiumna. Matak di dunya atikan ngajarkeun pangajaran basa. Aya opat kaparigelan basa anu diajarkeun di sakola téh nyaéta maca, ngaregepkeun, nyarita jeung nulis. Dina éta kaparigelan basa, nulis mangrupa salahsahiji kaparigelan basa nu panghéséna, lantaran ceuk Tarigan (2013, kc. 22) nulis téh nyaéta nurunkeun atawa ngagambarkeun lambang-lambang grafik dina wangun basa. Ieu hal nyindekkeun yén nulis téh merlukeun latihan anu manjang, sangkan kaparigelan basa bisa ngaronjat.

Salian ti éta nulis disebut hésé téh lantaran nulis mangrupa kagiatan nu produktif jeung éksprésif, ieu kagiatan tangtu merlukeun kamampuh kognitif anu luhur. Dina émprona ogé teu jarang nu nulis hésé ngatransformasikeun idé nu aya di pikiran ka wangun tulisan. Lamun dipatalikeun jeung pangajaran basa Sunda, nulis téh mangrupa hal anu kacida pentingna keur siswa. Hanjakalna kamampuh nulis téh kawilang masih kénéh handap. Salah sahaji pangajaran Basa Sunda nyaéta nulis Sisindiran. Ieu diajarkeun di SMA kelas XI. Ieu Pangajaran dumasar kana Kurikulum 2013 revisi 2017, 4.2. *Menyusun dan menampilkan sisindiran secara lisan/tulisan sesuai dengan konteks dan fungsi sosialnya* (Dinas Pendidikan Jawa Barat, 2017, kc. 37). Dina nyieun sisindiran aya sababaraha indikator anu kudu dikawasa ku siswa nyaéta, kahiji siswa kudu maham kana organisasi eusi dina nyieun nyusun sisindiran nu urutanna sacara logis jeung lengkep sarta ngarti kana papasingan sisindiran, kadua siswa kudu bisa milih pilihan kecap anu merenah sarta ngarti kana pangwangunan kecap, anu katilu siswa kudu ngarti kumaha purwakanti dina sisindiran jeung kumaha

ngalarapkeunna dina nulis sisindiran, jeung nu terahir kudu ngarti cara ngalarapkeun guru wilangan.

Dina émprona pangajaran sisindiran téh masih kénéh loba bangbaluh dina prosés pangajaranna. Tina hasil observasi aya sababaraha hal anu ngalantarankeun siswa hésé nulis sisindiran téh, diantaranya: (1) kurangna kamampuh siswa dina ngarti wangun-wangun sisindiran nu ngabalukarkeun siswa teu bisa neruskeun kana prak-prakan nulis sisindiran lantaran teu apal kana papasingan sisindiran, (2) kurangna kamampuh siswa mikaharti struktur sisindiran anu ngabalukarkeun siswa teu maham kumaha ngamimitian nulis sisindiran saluyu jeung struktur anu aya dina sisindiran, (3) kurangna kamampuh siswa dina nangtukeun organisasi eusi, milih pilihan kecap anu merenah dina nyusun sisindiran, kurangna kamampuh ngalarapkeun guru wilangan sarta kumaha nyieun sisindiran anu murwakanti. Salian ti éta aya dina prosés nulisna éjahan dina penulisan sarta karapihan tulisan masih kénéh can bener. Ieu hal ngabalukarkeun siswa teu sumanget jeung aya rasa jenuh dina prosés pangajaran sisindiran lantaran ieu pangajaran katingali hésé.

Ningali kaayaan siswa anu can mampuh nulis sisindiran kalawan bener perlu aya tarékah keur guru bisa ngarobah éta kaayaan. Lantaran suksés atawa henteuna hiji prosés pangajaran gumantung kana kalancaran prosés pangajaran anu dilaksanakeun ku guru. Nalika aya kabosenan dina prosés diajar guru kudu boga cecekelan, teu saukur ngan ngajarkeun sacara konvénsional. Cecekelan anu kudu dipiboga keur ngaréngsékeun pasualan anu karandapan ku siswa dina nulis sisindiran salah sahijina nyaéta modél pangajaran. Ieu modél pangajaran bisa mantuan guru pikeun lancarna jeung lumangsungna hiji pangajaran, ieu hal ditétélakeun ogé ku Heriawan, spk. (2012, kc.74), yén modél pangajaran téh mangrupa cara, prosés, téhnik hiji pangajaran pikeun lumangsungna kagiatan dina diajar jeung ngajar.

Guru kudu bisa milih modél pangajaran anu luyu jeung pangajaran nulis anu museur ka siswa, lantaran siswa salaku palaku utama dina prosés pangajaran. Satuluyna guru kudu bisa nyieun prosés pangajaran leuwih ngirut nalika ngagunakeun modél pangajaran, lantaran nurutkeun Iskandarwassid jeung Ristiani (2010, kc. 77) nalika kaayaan kelas alus kadituna poténsi siswa bakal tumuwuh.

Salian ti éta lamun bakat siswa bisa diasah sacara konsistén ku guru, kadituna siswa bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nyangkem jeung nyimpen informasi.

Ahirna mah pasualan di luhur kudu diréngsékeun. Salah sahiji carana nyaéta ngagunakeun modél pangajaran anu luyu keur ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran. Modél pangajaran anu digunakeun nya éta modél pangajaran *Mind Mapping*, anu ningkatkeun pola pikir jeung ngirut siswa keur diajar nulis sisindiran. Éta ogé anu ditétélakeun ku Poter jeung Hernacki (dina Saharah jeung Indihadi, 2009, kc. 11) yén *Mind Mapping* téh dasarna ngagunakeun citra visual jeung rasa grafis keur ngabentuk pola jeung rasa ka siswa. Ku éta hal siswa bisa leuwih gampang nyangking naon anu aya dina pangajaran. *Mind mapping* mangrupa cara nyatet ngagunakeun kecap-kecap, warna, garis, simbol jeung gambar ku cara ngadumaniskeun jeung ngembangkeun poténsi otak (Windura dina Santi, spk, 2017, kc. 96). Saméméhna aya sababaraha panalungtikan ngeunaan modél pangajaran, nu aya kakaitanna jeung modél pangajaran *Mind Mapping*. Diantarana panalungtikan ku Risa Nurul Fauziah anu judulna “Modél *Mind Mapping* Pikeun Ngaronjetkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX-B SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”. Salian ti éta aya ogé panalungtikan nu dilaksanakeun ku Ginanjar Pamungkas anu judulna “Modél *Mind Mapping* dina Pangajaran Nulis Résénsi Novél (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas XI-2 IPS SMA (percontohan) UPI Taun Ajaran 2012/2013)”. Panalungtikan nu panganyarna dilaksanakeun ku Lisna Yulia Herliani anu judulna “Modél *Mind Mapping* dina Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-3 SMP Negeri 9 Bandung Taun Ajaran 2017/2018)”. Dina sakabéh panalungtikan anu ngagunakeun modél *Mind Mapping* di luhur katitén aya parobahan anu signifikan dina kamampuh nulis siswa. Ieu hal ngabuktikeun modél *Mind Mapping* éféktif digunakeun dina pangajaran nulis warta, nulis résénsi novel, jeung nulis guguritan di kelasna séwang-séwangan.

Ieu panalungtikan téh dianggap penting lantaran kurangna kamampuh jeung kurangna minat diajar siswa kana sisindiran. Dina ieu hal guru kudu bisa narékahan sangkan siswa kaiirut ku pangajaran sisindiran, salian ti éta ieu keur

jangka panjangna nalika guru bisa ngajarkeun nepi ka siswa enya-nya ngarti éta sarua jeung ngariksa budaya titis waris ti Karuhun Sunda nu engkéna ditépakeun ku siswa ka balaréa. Aya sababaraha hal anu béda jeung panalungtikan saméméhna nyaéta ieu panalungtikan téh nerapkeun modél pangajaran *Mind Mapping* dina pangajaran Sisindiran. Sedengkeun panalungtikan saméméhna nyaéta ngeunaan nulis warta, nulis révéni novel, jeung nulis guguritan. Salian ti éta aya anu nalungtik nulis sisindiran, ngan teu ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

Dumasar kana pedaran di luhur, lantaran modél *Mind Mapping* can kungsi dilarapkeun dina pangajaran sisindiran, panalungtik kairut keur nalungtik ieu pasualan. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “Modél *Mind Mapping* dina Pangajaran Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX- 3 Bandung Taun Ajaran 2019/2020”.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu ditétélakeun di luhur, masalah dina ieu panalungtikan, nyaéta: (1) kurangna kamampuh siswa dina ngarti wangun-wangun sisindiran; (2) kurangna Kamampuh siswa kana struktur sisindiran; (3) kurangna kamampuh siswa dina nulis sisindiran: organisasi eusi, pilihan kecap, éjahan, purwakanti, jeung jumlah engang.

1.3.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA di SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA di SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajar 2019/2020 sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

- 3) Naha aya bédana anu signifikan antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI MIPA di SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajar 2018/2019 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus nu diébréhkeun di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun nguji ngadéskripsikeun kamampuh siswa dina nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis sisindiran kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 Bandung taun ajar 2019/2020, saméméh ngagunaken modél *Mind Mapping*,
- 2) kamampuh nulis sisindiran kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 taun ajar 2019/2020, sanggeus ngagunakeun modél *Mind mapping*,
- 3) bédana kamampuh siswa kelas XI MIPA SMA KARTIKA XIX-3 taun ajar 2019/2020 nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, di antarana:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat pikeun élmu pangaweruh, hususna modél pangajaran basa Sunda. Salian ti éta nambahan pangaweruh ngeunaan sisindiran ku béda.

1.4.2 Manfaat Praktis

Manfaat praktis dina ieu panalungtikan diébréhkeun ieu di handap.

- 1) Pikeun siswa, méré pangalaman anyar dina diajar ngaliwatan modél *Mind Mapping* jeung dipiharep bisa ngaronjatkeun minat kana basa Sunda, kususna nulis sisindiran.
- 2) Pikeun nu nalungtik, nambahan élmu ngeunaan modél pangajaran jeung mekarkeun ide, gagasan, kamampuh, dina pangajaran basa Sunda.
- 3) Pikeun guru, ieu modél pangajaran bisa jadi alat pikeun ngajar nulis sisindiran, keur nyangking kompeténsi anu geus ditangtukeun.
- 4) Pikeun sakola, méré sumbangan pikeun nambahan modél pangajaran.
- 5) Pikeun lembaga, jadi référénsi ngeunaan sisindiran, umumna sastra jeung basa Sunda
- 6) Pikeun masarakat, jadi bahan diajar sisindiran jeung nambahan pangaweruh ngeunaan sisindiran.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi eusina aya lima bab, anu diébréhkeun saperti ieu di handap.

Bab I mangrupa bubuka, anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan sarta raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan pustaka, raraga mikir jeung hipotésis. ngawengku tiori-tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab ogé dipedar ngeunaan wangenan nulis, wangenan modél pangajaran, wangenan Sisindiran, sarta medar ngeunaan modél *Mind Mapping* dina pangajaran nulis sisindiran.

Bab III mangrupa métode panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosedur panalungtikan, sarta analisis data.

Bab IV mangrupa hasil panalungtikan kamampuh nulis sisindiran saméméh ngagunakeun modél *Mind Mapping*, kamampuh nulis sisindiran sabada ngagunakeun modél *Mind Mapping*, jeung analisis data kamampuh nulis sisindiran saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Mind Mapping*.

Bab V mangrupa kacindekan, implikasi jeung saran, eusina medar kacindekkan panalungtikan, implikasi panalungtikan, jeung saran kana hasil panalungtikan.

